



Pou Biblikasyon Imedya: 06/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

Gouvènè Hochul anonse omaj Eta New York an 2023 pou eritaj Doktè Martin Luther King Jr. pral difize nan estasyon PBS New York yo

Nou envite publik la patisipe nan yon pwojeksyon espesyal gratis pwogram In nan vandredi 13 janvye, nan Sant Konvansyon Empire State Plaza

Se Reveran Doktè Mashona Walston, Minis Prensipal First Church nan Albany ki prezante I

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke komemorasyon anyèl Eta New York la sou lavi ak eritaj Doktè Martin Luther King Jr. pral prezante kòm yon evènman k ap difize nan tout eta a, "Eta New York ap Selebre Doktè Martin Luther King, Jr.: Chemen vè Chanjman" (New York State Celebrates Dr. Martin Luther King Jr.: Paths to Change), [K ap difize nan estasyon PBS yo](#) nan New York apati dimanch 15 janvye. Nou envite publik la patisipe nan yon pwojeksyon gratis omaj la nan vandredi 13 janvye nan Sant Konvansyon Empire State Plaza nan Albany oswa [gade pwogram nan](#) apati 10 a.m. nan lendi 16 janvye.

"Gen kèk moun ki te ogmante konsyans nasyon nou an ak mond lan jan Doktè Martin Luther King Jr. te fè sa, atravè pawòl ak zèv li yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ane sa a, New York prezante yon emisyon nan tout eta a ki mete aksan sou eritaj dirab vizyon Doktè King ak pwomès li te enspire nan nou tout. Mwen envite tout Nouyòkè yo pou yo gade omaj emosyonèl sa a pou yon nonm ekstraòdinè".

"Doktè Martin Luther King Jr. te sèvi kòm yon poto mitan nan sosyete nou an epi eritaj li simante nan istwa nasyon nou an. Aksyon ewoyik li yo ak mesaj pwisan li yo te enspire anpil moun epi yo pral kontinye sèvi kòm yon enspirasyon pou jenerasyon k ap vini yo", **Gouvènè Adjwen an Antonio Delgado te deklare.** "Mwen fyè pou m rejwenn Gouvènè Hochul pou nou anonse difizyon New York nan tout eta a k ap rann omaj ak nonm kolosal ke Doktè King te ye".

Omaj pou Doktè King lan, ke Biwo Sèvis Jeneral nan eta a ak reprezantan yo kowòdone chak ane, prezante moun ak òganizasyon yo nan tout Eta New York ki entegre prensip youn nan lidè ki pi enpòtan nan Etazini pou jistis sosyal, libète ak egalite. Tan transmisyon omaj inèdtan an pral varye selon rejon an; nou ankouraje telespektatè yo tcheke lis televizyon yo oswa estasyon PBS lokal yo pou plis detay.

Komisè Pwovizwa Biwo Sèvis Jeneral la, Jeanette Moy, te deklare, "Pandan Nouyòkè yo mete tèt yo ansanm pou komemore lavi ak eritaj Doktè Martin Luther King Jr., nou tout dwe re-angaje nou nan vizyon li genyen sou yon sosyete ki pi ini. Nou dwe gade eritaj li kòm New York, epi nasyon sa a kontinye demand nou pou egalite ak ekite. Mwen rejwenn Gouvènè Hochul nan rekòmande Nouyòkè yo pou gade pwogram sa a ak devwe tèt yo ankò pou kenbe rèv Doktè King lan vivan".

Direktè Egzekitif Jeneral WMHT a, Robert Altman, te deklare, "Nou onore pou nou rejwenn yon lòt fwa ankò nan kominote yo atravè eta New York pandan n ap selebre angajman Doktè Martin Luther King Jr. pran anvè jistis, dwa ak libète pou tout moun. Istwa ak vwa sa yo montre vizyon Doktè King pou Etazini rete vital jodi a epi nou fyè pou nou pataje mesaj sa a atravè televizyon piblik".

Pwogram ane sa a, ke Reveran Doktè Mashona Walston, yon pastè, omonye, konferansye, defansè ak newoteyolojen prezante, ki sèvi kòm Minis Prensipal nan First Church nan Albany, pwogram ane sa a pral mennen telespektatè yo nan yon vizit vityèl atravè Eta New York.

Atravè je Nouyòkè yo soti Buffalo rive Brooklyn, Rochester rive New Paltz, pwogram lan konsantre sou lavi ak rèv Doktè Martin Luther King, Jr. avèk mizik, atizay ak istwa enspiran ki reflete chemen vè chanjman atravè Eta New York. Kèk nan pi gwo pwen espektak la gen ladan:

- Yon mesaj espesyal Gouvènè Hochul pou Jounen Martin Luther King Jr.
- Yon karakteristik sou "Chemen vè Lapè" a, mete aksan sou lidè espirityèl Mahatma Gandhi ak Malcolm X ak enfliyans yo sou Doktè King
- Pèfòmans enspiran yo, sa gen ladan yon pyès oriinal pa élèv nan pwogram atistik SUNY New Paltz epi ki ekri pa Lester Mayers, gradye nan New Paltz; chanson pa okès Doktè Martin Luther King Jr. 2023; ak yon prezantasyon pwisan pa atis pawòl pale, Alonzo Verbal
- Yon pwofil Teyat Apollo, ke yo rele tou "Nam Kilti Ameriken an" (Soul of American Culture).
- Yon rega nan SHRED, yon fondasyon planch a nèj ki nouri lavi jèn yo nan kominote a, alafwa anlè ak deyò montay la.

Tout moun envite pou branche pou aprann plis sou Nouyòkè k ap viv lavi yo selon imaj Doktè King. Nou envite piblik la patisipe nan yon pwojeksyon espesyal omaj la nan vandredi 13 janvye, nan Sant Konvansyon Empire State Plaza. Evènman an gratis, avèk pòt ouvè nan 6 p.m. pou ti rafrechisman ak pwojeksyon pwogram nan apati 7 p.m. egzak.

Anplis pou patisipe ak gade omaj la, nou envite Nouyòkè yo pou yo vizite galri vityèl atistik ak Disètasyon élèv Doktè Martin Luther King, Jr. Eta New York la, ki pral disponib pou konsilte nan empirestateplaza.ny.gov/hyking soti mèkredi 11 janvye jiska madi 28

fevriye. Ekspozisyon an prezante soumisyon elèv kindègadenn rive 12yèm ane ki enspire nan Sis Prensip Non-vyolans Doktè King lan.

Tankou ane pase yo, Eta New York ap òganize plizyè pwogram ki gen rapò ak sèvis pou akonpli vizyon kominotè Doktè King, ki gen ladan kanpay Manje Doktè Martin Luther King, Jr. nan tout Eta a k ap fini nan vandredi 10 fevriye ak kanpay Liv Doktè Martin Luther King Jr. nan tout Eta a k ap kòmanse lendi 20 fevriye rive vandredi 21 avril. Ale sou empirestateplaza.ny.gov/nyking, epi swiv @NYSMLK sou Facebook ak Twitter pou mizajou sou pwogram estasyon manm PBS NY ak enfòmasyon siplementè sou selebrasyon lavi ak eritaj Doktè King New York la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)